

SEBENARNYA hanya sebuah pagar yang rusak. Pagar bambu Wak Johar di pojok belakang pekarangan rumahnya yang baru seminggu berdiri, pagi-pagi terlihat rusak dan roboh. Meskipun itu cuma selebar dua meteran, tetapi saja membuat hati Wak Johar mendongkol. Pagar bambu itu dibuat untuk menjaga dan melindungi tanaman sayuran di sebagian pekarangan depannya lebih aman dari gangguan hewan ternak atau apapun dari luar. Kata istrinya yang sering mengikuti kegiatan PKK di kantor desa, halaman atau pekarangan rumah jangan sampai dibiarkan menganggur. Lebih baik ditanami apa saja, termasuk sayuran. Yang penting, lahan tanah dapat dimanfaatkan sebaik mungkin.

Namun, apa yang dilihat Wak Johar pagi itu? Pagar yang dibangunnya secara mandiri, tiba-tiba telah rusak berantakan sebagian. Tenaga, pikiran, dan serumpun bambu yang ia miliki sudah ia berdayakan semua. Makan waktu tiga hari pagar bambu itu selesai mengelilingi pekarangan rumahnya yang tidak seberapa. Karena itu, Wak Johar cukup gusar mengetahui hasil karya dan jerih payahnya telah rusak. Ia beranggapan kuat, ada yang sengaja merusaknya. Orang itu sama saja sudah meremehkan perjuangan dan pengorbanannya. Dia terang-terangan telah menyinggung harga dirinya.

"Sudahlah, Pak. Yang rusak kan tidak seberapa. Tinggal diperbaiki sendiri saja. Nggak enak lho, Pak. Perkara pagar nanti gempar satu desa," ucap istrinya yang baru menyuguhkan teh hangat di hadapan suaminya yang baru saja duduk di emperan rumah.


"Ini bukan masalah berapa besar nilai bambu dan tenagaku. Ini sudah mengusik harga diri kita. Sebuah pagar fungsinya untuk pengamanan dan perlindungan. Kalau dua hal penting milik kita itu dirusak, itu berarti pelakunya ingin menginjak-injak harga diri kita, Bu. Paham ta, Bu?"

Istri Wak Johar hanya menggeleng-geleng lemah.

"Terus, maunya Bapak bagaimana?"

Kegemparan Pagar Wak Johar

Cerpen :
Fuad Zawatri



ILUSTRASI JOS

"Besok pagi, Bapak akan coba tanyakan ke Lik Jono. Dia kan punya beberapa kambing yang besar-besaran. Barangkali kemarin kambing-kambingnya lepas dari kandang. Atau malah sengaja dilepaskan."

Esok paginya, Wak Johar sudah berada di ruang tamu Lik Jono. Matahari saja belum sepenuhnya menghangatkan semesta. Ada beberapa gelintir pisang goreng hangat di pinggang menemaninya dua cangkir kopi milik tuan rumah dan Wak Johar. Basa-basi yang hangat dan renyah menghiasi pertemuan dua orang bertetangga itu. Hampir saja lupa Wak Johar dengan misinya pagi-pagi berada di rumah tetangganya yang terkenal bersahaja hidupnya.

"Pangapurane, Lik Jono. Aku datang ke sini hanya pengin tahu, apakah kambing-kambing sampeyan kemarin lepas atau diumbar? Itu pagar bambuku di pojok belakang padha rusak, roboh je."

"Ndak, Wak. Itu kambing seringnya di kandang saja, Ndak ke manama. Saban sore aku ya ngarit untuk ingon-ingonku itu," jawab Lik Jono santai.

"Coba diingat-ingat, Lik. Siapa tahu kemarin kambing-kambing itu dikeluarkan oleh anakmu." Masih belum yakin Wak Johar dengan ja-

waban tetangga dekatnya itu.
"Aja ngawur ta, Wak. Anakku, Gito, hampir tiap hari pulang sekolah sore. Ya, ndak mungkin ta!" sekarang suara Lik Jono mulai mengeras.

Tetiba terdengar uluk salam dari istri Wak Johar. Istri Wak Johar muncul bersama anak bontot Pak Kades. Istrinya menjelaskan segamblang mungkin.

"Putrane Pak Kades ini sudah mengakui semuanya, Pak. Dia kemarin berboncengan motor sama temannya. Ndak tahu kenapa, waktu itu dia seketika membelokkan motornya, masuk halaman dan pekarangan Lik Jono. Mereka seperti kehilangan kendali. Mereka tabrak pagar bambu kita, Pak. Mungkin mereka lagi..."

Wak Johar dan Lik Jono menatap tajam putra kesayangan Pak Kades yang sejak tadi hanya terdiam dan menunduk. Bisa-bisanya mereka berani menerbas dan menabrak pagar dengan motornya. Dasar! Anak ingusan semua! Batin Wak Johar merutuk kesal. □-d

Bukateja, sebelas '23
*) **Fuad Zawatri**, lahir di Kebumen dan sekarang tinggal di Purbalingga sebagai guru, pernah beraktivitas dan berkarya di Yogyakarta.

Oase

Yuris Julian

KAANA WA AKHWATUHA

Setelah i'rab nashab
memasukan raja yang udzur
seketika aktivitas kalimat
mengubah susunan republik
dengan tangan-tangan
yang mencekik kerah bajumu

Bagaimana jadinya
jika fil dimaknai tugas?
toh kita selalu
menemui dengus berat
dan hidup hanya untuk bertaruh
kepada apa yang sebentar.

Orang-orang akan kembali
keluar masuk pintu
membuat segalanya tak tertib
saling mengekalkan diri di udara

Dalam kitab sucinya
orang-orang serakah
tak dapat sebatang pohon,
udara bersih, lapangan kerja,
cuma lubang cahaya,
yang setengah padam.

Termasuk amil nawasikh
nama lain dari penjahat itu
adalah penghancur mimpi
dan penyebar sampah-sampah
yang membungkai
dalam ilmu pengetahuan

"Di mana tempat duduk atau berdiri?"
Katamu, sambil memasuki ruang
tak bernama itu.

Indonesia bukan subur firdaus lagi
satu-satunya pertahanan
mungkin tumbuh, menjadi jembatan
yang tak menjangkau apa pun.

2023

LELAKI YANG BERDIRI DI SEBRANG MEJA

Pertama-tama
jauhilah penganut otot
ketika logika tak bebas
dari kebohongan dan kekuasaan

Dunia sebenarnya fantasi
sewaktu berada
dalam iguan manusia
mungkin berupa monolog,
bergumam, dengan riwayat
orang-orang tertidus.

Itulah sebabnya pergolakan sosial
masih berbasis-basis
seperti sosok ibu yang melahirkan
wajah yang penuh warna-warni.

Untuk masa depan semua orang
ikutilah makhluk kendor dan kotor
sebab cinta itu buta
apabila ketidak-adilan
tak bisa takluk
dari jerit malaikat yang kesal

2023

SEPANJANG JALUR ORANG LALU

Di abad ke-12
kota berkubu dari peluhmu
seperti konsensus kekuasaan
dapat dipecah-pecah
menjadi argumen
yang membosankan

Tanpa menguras tenaga
serta mengusut pertanyaan

*) **Yuris Julian**, lahir di Sukabumi, Jawa Barat. Ia menulis puisi yang disiarkan di beberapa media cetak dan elektronik serta termaktub dalam sejumlah buku antologi bersama. Kini, bekerja dan menetap di Jakarta.

MEKAR SARI

SUPRIHONO atine bungah, dina-dina ri-nasa endah. Angen-an-gene sundhul langit sawise kenal Nining. Sing ngenalke Sukrisna, kanca rakete.

"Bocah isih enom, jenenge Nining. Nek kowe gelem, suk dakkenalke," kandhane Sukrisna dhek kapan kae.

"Tenan piye?" tumanggape Suprihono serius.

"Tenan! Nanging ..."

"Kok ndadak nganggo nang-ing?"

"Ngene lho, Pri. Bares wae, Ningku kuwi randha anak siji. Genye isih enom kok wis dadi randha, kuwi masa lalu-ne Ning lan kowe ora perlu ngerti. Dakkira, kabeh manungsa duwe masa lalu. Kowe dhewe ya duwe masa lalu. Sing penting kuwi masa depan, dudu masa lalu. Mula, prekara masa lalu ora usah dirembug."

Nyadharis posisine minangka jaka tuwa, Suprihono manut krenahe Sukrisna. Nyataane, bareng ketemu Nining, Suprihono rumangsa cocog. Kejaba grapyak tur sumeh, Nining jiyan ayu tenan. Pantes yen diarani randha kempling.

Pengarep-arepe Suprihono, Nining bakal dadi bojone. Nanging, sawise kenal udakara rong sasi lan wong loro wis runtang-runtung mrana-mrene, patrake Nining ndadak rada nganeh-anehi. Ora genah piye karepe, angel digrayang ancase, lungit digerba maksude.

Nalika Suprihono nyedhaki, Nining sajak klewa-klewa. Nalika ditinggal lunga, Nining celuk-celuk. Nalika dijak rembugan, Nining ora nglegewa, malah asyik dolanan Hp. Kuwi sing njalari Suprihono jengkel.

Sarehne wis ora kuwat ngampet rasaning ati, Suprihono banjur wadul marang Sukrisna. "Kris, karepe

Jaka Tuwa lan Randha Kempling

Cerkak : Keliek SW



ILUSTRASI JOS

Nining kuwi piye, ta? Tulung kon kandha terus terang, sak-jane dheweke kuwi seneng aku apa ora. Mongkok pa-trape kok kaya bocah cilik!"

"Sabar, Pri! Sabaaarr. Kowe klok njur muring-muring kuwi ana apa?" tumanggape Su-krisna.

"Aku tersinggung karo sikape Nining. Dheweke sajak ngremehne aku, kaya-kaya ora mbutuhake aku. Apa isih kurang anggonku nggatekake dheweke? Apa isih kurang sabar anggonku nge-mong? Apa isih kurang anggonku nuruti kekare-pane? Aja-aja Nining wis duwe pilihan liya sing luwih sakabehane katimbang aku?"

Krungu kandhane Suprihono, sanalika Sukrisna tanggap sing dadi underane prekara. Pirang dina kepungkur dheweke iya diwaduhi Nining perkara sikape Suprihono sing dianggep kurang tegas.

"Stop, Pri! Stop! Cukuppp! Ora perlu kedawa-dawa

anggonmu ngundhat-undhat Nining!"

"Ora! Kris, masalah iki kudu beres. Kowe kudu bisa njelaske piye genahe!"

"Ngene lho, Pri. Nining ki niyate serius kepengin rabi karo kowe. Nanging dheweke ragu-ragu merga kowe..."

"Salahku apa?"

"Salahmu siji, nanging fatal. Kowe durung tau nelakake rasa tresnamu marang Nining. Kowe durung tau kandha niyat mangun bebrayan karo Nining. Iya apa ora?"

Suprihono meneng cep klakep. Ilate sakala krasa mbundheli satemah ora bisa ngucap. Dheweke kukur-kukur sirah sing dumadakan wae krasa gatek. Suprihono nyadharis kalupatane. Minangka jaka tuwa, dheweke pancen kikuk ngadhepi wanita. Dheweke perlu sinau marang Sukrisna, kepriye carane ngudal rasa tresna.

Stop, Pri! Stop! Cukuppp!

Gegeritan

Irul S. Budianto

UDAN ING PETHITE OKTOBER

udan ing pethite Oktober
angen wiwit ngronce hawa seger
senadyan lemah nela isih amba
senadyan sumur durung bisa ditimba

mangsa ketiga kang dawa
kuwaha nyungulake lungide crita
sawah-sawah saderma dadi garapan
asile adoh saka gegebeg
lan bocah-bocah praupane ajeg bulug lebu
saben dina disuguhui dolanan atose watu
ing suwalahe reregan mumbul ndedel
angel dicekel

udan ing pethite Oktober
angen wiwit ngronce hawa seger
nanging dumadakan ing njaba
ana sing kresah-kresuh karo ngekep dhadha
ngrasakake hawa politik sansaya panas
ngrasakake kaum elite sansaya pinter
ngobral janji mawa sewu pituwas

udan ing pethite Oktober
apa sliramu bisa turu angler?

UDAN NOPEMBER

udan Nopember dudu udan kenangan
ngenani katesnan lan pangorbanan
siringid ing lakune dina-dina
lan sapa wae ora keduga nyurasa

udan Nopember nggawa satire
ngenani paraga sing menthang gendewa
sinandhang sektine warastraa
gunung-gunung dilangkah
jurang-jurang klakon dilumpati
apa sliramu pengin ngerti sapa dheweke?

ora perlu ngungak asal-usule
yen tundhone gawe cingake sapa wae
ora perlu mbukaki cathetan lawas
yen pungkasane mung gawe kejoting maras

udan Nopember dudu udan kenangan
ngenani katesnan lan pangorbanan
sawangen, sawangen kae
bocah-bocah sing keceh ing plataran
yektine lagi negesi kamardikan
seprana-seprone ora ana sing nyaruwe

2023

UDAN SEPISANAN

udan sepisanan ing wanci sore
aja disujanani nggawa sasmita seje
ngenani kahanan kang nganeh-anehi
ngenani patrap-patrap ora mbejaji
ngeres-eresi ati

ing sela-selane angin nyempoki dhadha
beck nggelar klasa ngrapal lungide donga
muri kateguhan lan kapitayan tansah nyawiji
njilma prasasti ing lumaha awan lan bengi
lan dheweke sing wis tegu gawe crita nyegede
ngelus dhadhane, ngrumangsani kaluputane

udan sepisanan ing wanci sore
aja disujanani nggawa sasmita seje
nanging aja kaget yen saka plataran
keprungu swara kang gawe dhadha sar-saran,
"Ora salawase hawa adhem
njalari kahanan dadi amem!"

2023

NGAREP-AREP TEKANE UDAN

bocah-bocah tansah ngliga dhadha
ora tahan hawa panas ngemuli dina-dina

yen mendhung wis mentiyung
dheweke banjur playon sauraur lurung
ngrapal mantra embuh sapa sing yasa,
"Udana sing deres, nyambela sing pedhes,
udana sing deres, nyambela sing pedhes!"

bocah-bocah sing ngarep-arep tekane udan
aja disenguh ngemu ngremite sanepan
dheweke mung kepengin bali ngrasakake
hawa seger sing kober ilang sawetara suwene

2023